

Raj

Raj se yon viris ki atake sèvo a. Depi yon bèt vin anraje li pa ka geri l'apl mouri, Ou ka anpeche raj ak yon vaksen chak ane, Li bon pou bay chen ak chat yo piki kont raj chak ane, Lòt bèt yo ka pran piki kont raj si w rete nan yon zòn ki gen anpil ka raj. **Sèl fason pou anpeche raj se vaksene bèt avan li vin malad!!!**

Ki jan yon bèt pran raj?

Pou pran raj yon bèt ki deja anraje dwe mòde bèt la. Pou bèt nou pa gen tretman kont la raj, sèlman nou ka anpeche'l ak yon piki kont maladi chak ane.

Siy raj

Siy ka rive nan de fòm an jeneral

1. Yon bèt ki dou vin mechan
2. Yon bèt ki mechan vin kagou

Pi souvan w'ap wè yon bèt ki dou oubyen nòmal vin kòmanse mòde lòt bèt, ni moun, menm li ka atake pwòp tèt pa'l.

Bèt yo pa vle manje oubyen bwè dlo. Menm yo ka pè dlo.

Yo ka jape pou anyen, li ka kouri dèyè kè li, li ka tranble, li ka montre ou nipòt siy de sistèm newolojik

Ki sa pou fe si ou sispek yon bèt enraje?

Ou dwe mete bèt la nan obsèvasyon pou 10 jou. Sa pou di ou dwe mare li ak yon chèn yon kote li pa ka rive sou lòt bèt. Pa kite moun touche'l, selman ba li manje ak dlo chak jou. Byen gade'l chak jou pou wè si kompòtman li komanse chanje epi si li sispann manje epi bwe dlo. Si li vin malad pandan 10 jou li ka anraje epi ou bezwen rele yon ajan veterinè pou vin touye'l epi bay tèt la pou egzamine nan laboratwa.

Si li vin malad ak raj depi li komanse montre w siy maladi a bèt la pral mouri avan 3-4 jou.

Si apre 10 jou li pa bay siy raj, li p'at anraje vre.

Ki jan pou konnen si bèt anraje vre?

Sèl fason pou konnen si yon bèt anraje se pou touye'l epi bay tèt li nan laboratwa nan Tamarinye. Yo pral fe yon exame nan sèvo pou di wi oubyen non si bèt enraje vre.

Ki sa pou'm fè si yon bèt anraje mòde'm? Li pa yon jwèt si bèt anraje epi ou pa al doktè ou pral mouri!

1. Lave kote bèt blese w ak dlo pwòp epi savon benyen.
2. Kenbe bèt, epi mare'l
3. Al nan kay doktè epi pran antibiyotik, piki tetanòs epi **PIKI KONT RAJ – se 5 piki w dwe pran pandan yon mwa**
4. Rele Ministè de Agrikilti/Veterinè pou vin pran bèt pou fe egzamen sèvo li
5. Rele Ministè de Sante Piblik pou fe yo konnen gen yon bèt anraje kit e mode yon moun. Yo ka ede ou jwenn vaksen kont raj si doktè pa genyen